लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता

# यीशु द्वारा आन्हर क चंगाई



लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: Janie Forest
अनुकूलित: Ruth Klassen
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2015 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

बरतीमाई यरीहो की पास सड़क की किनारे बैठल एगो आन्हर आदमी रहलन। उ भीख माँगत रहलन। जब दयालु लोग उधर से गुजरत रहलें तब उनके एगो सिक्का या खाना क कुछ टुकड़ा दे दिहल करत रहलें। बरतीमाई काम ना कर सकत रहलन, काँहे से कि उ एगो आन्हर रहलन। उ खाली भीख ही माँग सकत रहलन।



एक दिन, राजमार्ग बहुत व्यस्त रहल। बरतीमाई अनेकों पैरन क आवाज सुनलन। कुछ त विशेष होखत रहे। जल्दी ही आन्हर आदमी जान लिहलस की उहाँ का हो रहल बा। नासरत क यीशु शहर में रहलें। भीड़ क भीड़ यीशु के देखे अउर उनके सुने खातिर इकटठा हो गोइल।





बरतीमाई काँहे दोहाई दिहलन? "यीशु दाऊद क सन्तान, हमरी पर दया करीं!" उ काँहे सोचलन की यीशु उनकर मदद कर सकत बाने? शायद उ सुनलें रहलन कि, कइसे यीशु दूसरन के चंगा कइले रहलन। ओ में, कुछ आन्हर - कुछ अपंग, कुछ गूंग अउर कुछ बहिर रहलें, जइसन उहो रहलन। "दाऊद क सन्तान, हमरी पर दया करीं," बरतीमाई फिर जोर से चिल्लइलन। उनकर आवाज आशा की संगे गूँजत रहे।



बरतीमाई के एगो बात क यकीन रहे। यदि ओ के अभी मदद ना मिली, त अउर कवनो मौका कभी ना मिली। शायद यीशु फिर ओ रास्ता से कभी ना अइतन।



बरतीमाई के यीशु की पास पहुँचे के रहे। लेकिन लोग हटत ना रहेलें। "अस्स्स्स्स्स!" उ लोग कहलें, अउर उ उनके शांत रहे के चेतावनी तक दिहलें।



लेकिन बरतीमाई अब चुप ना रहलन। उ
अउर जोर से चिल्लाइल जारी रखलन।
अचानक यीशु रूक गोइलन! सुनलन!
अउर आन्हर आदमी के अपनी पास
लीयवला क आदेश दिहलन!
लोग बरतीमाई के
बतवलन, "खुश
रहअ" उठअ,
उ तोहके
बोलवत
बाने।



अपनी परिधान के एक तरफ फेंक के, बरतीमाई उठलन अउर यीशु की पास अइलन।



यीशु पूछलें, "हमसे तूं का चाहत बाड़अ की हम तोहरी खातिर करीं?" आपकअ जबाब का होई? का आप बहुत पइसा या नीमन नाया कपड़ा मंगतीं? बरतीमाई का चाहत रहलें।



ना, आन्हर बरतीमाई सोना या नीमन कपड़ा यीशु से ना मंगलन। आप खुद जानत बानी कि उ का माँगल चाहत रहलन।



प्रभु हमके हमार "आपन नजर दे देईं" बरतीमाई देखल चाहत रहलन। उ पेड़न अउर पक्षियन अउर परमेश्वर द्वारा बनावल सब सुंदरता के देखल चाहत रहलन। उ ए खातिर देखल चाहत रहलन, की उ खुद क देखभाल कर सकें अउर भिखारी ना रहें।



तब यीशु बरतीमाई से कहलन, "आपन नजर प्राप्त करअ, तोहार विश्वास तोहके चंगा कइलें हँअ।"



तुरंत ही उ आपन नजर प्राप्त कइलन, अउर यीशु की पीछे चल दिहलन। उ कहत रहलन कि "परमेश्वर अद्भुत हउवें!" उ हमके चंगा कइलन हअ" ई बरतीमाई खातिर एगो अद्भुत समय रहे।





सब लोग, जब ओ के देखलन, परमेश्वर क स्तुति कइलन। एक बार फिर से, ऊ परमेश्वर की बेटा क अद्भुत शक्ति के देखले रहलन। यीशु एगो गरीब आन्हर भिखारी के आँख दिहलें।

# यीशु द्वारा आन्हर क चंगाई

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

मरकुस 10, लूका 18, यूहन्ना 9

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले,
जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ
पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन
कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के
हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन
अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर
अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ
आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की
कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर
अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा
करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा
रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16